РАССМОТРЕНО
Руководитель ШМО
Магомедова А.А.

УТВЕРЖДЕНО
И.о. директора школы
Идрисов.Р.Л
Приказ №32 от 31.08.2023г.

# План внеурочной деятельности
# «По родному чтению(на аварском языке)
# На 2023-2024 учебный год
# ГКОУ РД «Новохелетуринская СОШ Ботлихского района»

**с Новохелетури**

# Внеурочный деятельностялъул
## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН
## 1 саг1ат анкьида жаниб (кинабниги 34 саг1ат)

### Программаялъе баян

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидерпрактикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

### Метапредметиял хIасилал

Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац!ц!адаб литературияб мац!ц!алда
Жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц!алдохъаби ругьун гьари (бицунги хъванги).
Мац1 берцин гьабулеб алаталда пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1и.
Авар литературияб маЦ1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял

. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

**Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго**:

1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахъраtел бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.

2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.

3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жжанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

**Тематическияб планирование**

| № п/п | Темы урока | Количество часов | Форма проведения занятия |
|---|---|---|---|
| 1 | Машинаялде х1ал ккезе гурин | 1 | Гара-ч1вари |
| 2 | Г1ари бух1и | 1 | Гара-ч1вари |
| 3 | Инсуца г1адин гьабила | 1 | Бах1с |
| 4 | Г1орухъ базаралда | 1 | Бах1с |
| 5 | Эбелги ясги | 1 | Гара-ч1вари |
| 6 | Эбелги Мух1амадги | 1 | Гара-ч1вари |
| 7 | Мух1амадги имг1алги | 1 | Бах1с |
| 8 | Мух1амадги Алипатги | 1 | Бах1с |
| 9 | Кьижана | 1 | Гара-ч1вари |
| 10 | Васасде телеграмма | 1 | Гара-ч1вари |
| 11 | Васасул гьудул | 1 | Бах1с |
| 12 | Рукъ къосараб мехалда | 1 | Бах1с |
| 13 | Ц1орораб т!аг1амаб бук1уна | 1 | Гара-ч1вари |
| 14 | Витаминал хола | 1 | Гара-ч1вари |
| 15 | Чехь унтараб куц | 1 | Бах1с |
| 16 | Макьу | 1 | Бах1с |
| 17 | Бот1рода зар к1ут1ана | 1 | Гара-ч1вари |
| 18 | Мода | 1 | Гара-ч1вари |
| 19 | Г1адаллъуге | 1 | Гара-ч1вари |
| 20 | Кьабг1он гуро бицалъараб | 1 | Бах1с |
| 21 | Лъуг1ун унеб бугебин | 1 | Бах1с |
| 22 | Дуда т1ад гурони дунги ккеч1о | 1 | Гара-ч1вари |
| 23 | Гьаракь борхизабе | 1 | Гара-ч1вари |
| 24 | Бат1алъи бице | 1 | Бах1с |
| 25 | Давление бахула | 1 | Бах1с |
| 26 | Годек1аниб гара-ч1вари | 1 | Гара-ч1вари |
| 27 | Х1алал гьабизе бегьула | 1 | Гара-ч1вари |
| 28 | Дир х1ал дидаго лъаларищ | 1 | Бах1с |
| 29 | Дунги Москваялде | 1 | Бах1с |
| 30 | Гьересичи | 1 | Гара-ч1вари |
| 31 | Гьай баракат гьеч1 | 1 | Гара-ч1вари |
| 32 | Дун унтун гьеч1о | 1 | Бах1с |
| 33 | Хъазазда т1укъби | 1 | Бах1с |
| 34 | Манап ва нусал | 1 | Гара-ч1вари |